

# **SENP PLAN BONDYE LA SOTI NAN delivre**

## **1. Nou tout fè peche.**

Lik 5:31-32 Jezi reponn yo: Lè yon moun ansante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. Enben, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye, men moun k'ap fè sa ki mal pou yo kapab tounen vin jwenn Bondye.

Lik 18:19 Jezi di li: Poukisa ou rele m' bon? Se yon sèl bon ki genyen, se Bondye.



**Nou tout fè peche.**

## **2. Lanmò Etènel se sa nou jwenn pou peche nou yo.**

Lik 16:15 Lè sa a Jezi di yo: Nou menm, n'ap chache parèt pou pi bon devan moun, men Bondye konnen sa ki nan kè nou. Bagay moun bay plis enpòtans, se yo Bondye pa vle wè.

Lik 9:5-6 Tout kote moun pa vle resevwa nou, kite laval sa a, souke pousyè pye nou; konsa yo p'ap ka di nou pa t' avèti yo. Disip yo pati, yo mache ale nan tout bouk, yo t'ap anonse bon nouvèl la, yo t'ap geri moun malad toupatou.

## **3. Jezi te mouri sou lakwa, li pran pèn ke nou te merite-a ki se lanmò.**

Lik 18:13 Pèseptè kontribisyon an menm te rete dèyè, li pa t' menm gen kouraj leve je l' nan syèl; li t'ap bat lestonmak li, li t'ap di: Bondye, gen pitye pou mwen ki fè anpil peche.

Lik 19:10 Moun Bondye voye nan lachè a vin chache sa ki te pèdi pou l' delivre yo.

Lik 24:46 Li di yo: Men sa ki te ekri: Kris la gen pou l' soufri jouk li mouri, men sou twa jou li gen pou l' soti vivan nan lanmò.



**Mete konfyans ou nan Kris la pou kont li!**

#### **4. Ou kapab sèlman resevwa li, pa lafwa, atravè gras e mizèrikò Bondye.**

Acts 4:12 Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.

Ephesians 2:8-9 Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.

Titus 3:5 Li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan.

#### **5. Disponib si-w met konfyans ou nan Jezikri kòm sovè-w.**

Lik 13:3 Mwen di nou: Non. Men, si nou menm nou pa tounen vin jwenn Bondye, nou tout n'ap peri menm jan an tou.

Lik 18:17 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: si yon moun pa asepte otorite Bondye a tankou yon timoun, li p'ap janm mete pye l' nan peyi kote Bondye Wa a.

Romans 10:9-10,13 Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li, Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans.



*Si ou vle asepte Jezikri kòm sovè-w e resevwa padon nan Bondye. Men priyè ou kapab priye. Di priyè sa ou nenpòt lòt priyè p'ap ka sovè-w. Se sèlman kwè nan Jezikri ki kapab founi padon peche-w yo. Priyè sa se senpleman yon fason pou pale ak Bondye, mete lafwa nan li e remèsyè-l pou pwovisyon padon sa-a ke-l fè pou nou.*

**Bondye,**

**mwen konnen mwen peche kont ou e-m merite kondanasyon. Men Jezikri te pran kondanasyon kem te merite donk atravè lafwa nan li, m' kapab padonnen. Mwen mete konfyans nan ou pou sovè-m. Mèsi pou gras ak padon mèvèye ou yo! Amèn.**